# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–30 नवम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम क एक सौ अट्ठाइसवां कड़ी में देस–बिदेस के लोगिन से आपन बिचार साझा कइलें। उहां के कहलीं कि भारत क खाद्यान्न उत्पादन पछिला दस सालि में दस करोड़ टन बढ़ल बा।

**कृषि क्षेत्र में भी देश ने बड़ी उपलब्धि हासिल की। भारत ने 357 मिलियन टन के खाद्यान्न उत्पादन के साथ एक ऐतिहासिक रिकॉर्ड बनाया है। 300 एंड 57 मिलियन टन, 10 साल पहले की तुलना में भारत का खाद्यान्न उत्पादन 100 मिलियन टन और बढ़ गया है।**

प्रधानमंत्री कहलें कि राष्ट्रमण्डल खेलिन क मेजबानी मिलल भारत खातिर गौरव क बाति ह। उहां के कहलीं कि ई देस आ देसवासियन क उपलब्धी ह। चउथा काशी–तमिल संगमम क जिकिरि करत प्रधानमंत्री कहलें कि येह बरिस क काशी–तमिल संगमम क बिसय बहुते रोचक ह। तमिल सीखें–तमिल कराकलम।

**काशी के लोगों से जब भी बात होती है, तो वो हमेशा बताते हैं कि काशी–तमिल संगमम का हिस्सा बनना उन्हें बहुत अच्छा लगता है। यहाँ उन्हें कुछ नया सीखने और नए–नए लोगों से मिलने का अवसर मिलता है। इस बार भी काशीवासी पूरे जोश और उत्साह के साथ तमिलनाडु से आने वाले अपने भाई–बहनों का स्वागत करने के लिए बहुत उत्सुक हैं।**

श्री मोदी लोगिन से वोकल फॉर लोकल क मंत्र के अपनावे क निहोरो कइलें। उहां के कहलीं कि आवे वाला कुछु दिन में क्रिसमस आ नया सालि पर खरीदारी क नया दौर सुरू होखे वाला बा। वोकल फोर लोकल क मंत्र यादि रक्खें, खरीदें ऊहे जवन देस में बनल होखे, बेजें ऊहे जवने में कउनों देसवासी क मेहनति लागल होखे।

**********

निर्वाचन आयोग बारह राज्यन आ केन्द्रसासित प्रदेसन में ओटर लिस्टि क बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर क समय–सीमा एक हप्ता बढ़ा दिहले ह। संसोधित अधिसूचना के मोताबिक अब इग्यारह दिसम्बर ले फारम बांटल जा सके ला। पहिले ई समय–सीमा चारि दिसम्बर रहल। ओटर लिस्टि क मसौदा अब सोरह दिसम्बर के प्रकासित कइल जाई। आखिरी ओटर लिस्टि अगिला बरिस चउदह फरौरी के प्रकासित कइल जाई। येह समय उत्तर प्रदेश, अंडमान अउर निकोबार द्वीप समूह, छत्तीसगढ़, गोवा, गुजरात, केरल, लक्षद्वीप, मध्य प्रदेश, पुद्दुचेरी, राजस्थान, तमिलनाडु आ पश्चिम बंगाल में एसआईआर क प्रक्रिया चलि रहल बा।

**********

ओटर लिस्टि क बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर अभियान में गणना प्रपत्र भरले आ ओके जिडिटाइज कइले क सिलसिला प्रदेस भर में चलि रहल बा। एहके ले के प्रदेस क सज्जो जिलन के जिला निर्वाचन अधिकारी लोगिन के ओरि से ओटरन से निहोरा कइल जा रहल बा कि ऊ आपन गणना प्रपत्र समय से भरि के जमा कइ दें। येही क्रम में आजु गौतम बुद्ध नगर जिला में हर बूथ पर व्यापक अभियान चलावल जा रहल बा।

**********

संसद क सीतकालीन सत्र से पहिले आजु नई दिल्ली में सर्वदलीय बइठकी भइल। सरकार की ओरि से बोलावल गइल बइठकी क अध्यक्षता केन्द्रीय रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह कइलें।

बइठकी के बाद संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू कहलें कि नेता लोगि सकारात्मक माहौल में चरचा कइलें।

**मैं सरकार की तरफ से आश्वासन देता हूं के विंटर सेशन ऑफ द पार्लियामेंट अच्छी तरह से चलाने के लिए हम इस तरीके से विपक्ष के साथ बातचीत करते रहेंगे। साथ–साथ में विपक्ष पार्टी नेताओं से भी अनुरोध करूंगा कि पार्लियामेंट को अच्छी तरह से चलाने में सहयोग करें।**

संसद क सत्र बिहने से सुरू हो के ओन्नइस दिसम्बर ले चली।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में प्रदेस क कोना–कोना से आइल दुइ सौ से बेसी लोगिन क समेस्या सुनलें। येह दौरान मुख्यमंत्री सम्बन्धित अधिकारियन के निरदेस देत कहलें कि जन समेस्या के जुरते दूर करावल जाव। एहमें कउनों तरह क लापरवाही बरदास्त नाही कइल जाई।

**********

वाराणसी में होखे वाला काशी–तमिल संगमम क चउथा संस्करण के ले के लगतारे जागरूकता कार्यक्रम आयोजित हो रहल बा। येही क्रम में आजु तमिलनाडु अउर काशी क सांस्कृतिक एकता क सनेसा के साथे 'रन फॉर केटीएस 4.0' क आयोजन कइल गइल। येह मौका पर बीएचयू क कुलपति प्रोफेसर अजित कुमार चतुर्वेदी कहलें कि कार्यक्रम क उद्‌देस्य नौजवानन के जोड़ल आ ओन्हें राष्ट्र क विविध बिरासति के प्रति जागरूक कइल ह।

**********

प्रदेस में बिहने से सुरू होखे जा रहल बिजुली बिल राहत योजना–दुइ हजार पचीस से बिजुली उपभोक्ता लोगिन के ढेरे राहति मिलले क आसा बा। जौनपुर क चीफ इंजीनियर अनिल कुमार वर्मा बतवलें कि विद्युत बिल राहत योजना–दुइ हजार पचीस में बकाया धनरासि के एक मुस्त जमा कइले पर सरचार्ज में सौ फीसदी आ मूलधन में पचीस फीसदी ले छूट दिहले क फैसिला कइल गइल बा। उहां के कहलीं कि प्रदेस सरकार क उद्‌देस्य ह कि कउनों उपभोक्ता बिजुली बिल के बोझ से न दबे आ राज्य क बिजुली वितरण व्ययस्थो आरथिक तौर पर मजबूत बनल रहे।

**********